

# Coral Springs High

## Vivian Suarez, Principal

Chè Paran/Gadyen,

Nou ekriw pou nou enfomew ke elèv ou a ap kòmanse pran tès “English Language Arts (ELA) Writing Field Test” la kòmanse 21 janvye pou rive 24 janvye. Objektif tès sa se pou evalye nouveau enstriksyon ekri ke n’ap kapab itilize pou evalyason operasyonel pi devan. Nou pap repòte tès sa a men patisipasyon elèv la ap bali yon opòtinite pou li kapab vin abitye ak pati ekri tès “FSA ELA” a ke li pral pran nan tan prentan 2020.

Tès “ELA Writing Field Test” la se yon tès sou òdinatè ki dire yon sesyon 120 minit. Nan sesyon an elèv la ap li yon tèks e l’ap reponn on kesyon sou on sijè spesifik. Elèv la ap resevwa yon papye pou li ka prepare repons li a men bon repons la l’ap delivre li atravè sistèm livrezon tès la.

Ou menm oswa elèv ou a ap kapab jwen aksè ak tès pratik ekri sou pòtal “FSA” a <https://fsassessments.org/students-and-families/practice-tests/computer-based-materials/index.shtml> pou li kapab abitye ak intèfas, dispozisyon atik la ak zouti sou entènèt ke li pral rankontre pandan tès la.

Tanpri revize kèk politik sa yo ansam ak elèv ou a avan li pran tès la:

- **Aparèy elektwonik** — Elèv yo pa otorize pou yo genyen okenn aparèy elektwonik **menm si li fèmen oswa elèv la pa itilize li**. Aparèy sa yo gen nan yo men pa limite a: telefòn pòtab, telefòn entèlijan, ak mont entèlijan nenpòt kilè pandan tès la oswa repo yo (twalèt pas egzanp). Si nou jwenn yon elèv ak aparèy elektronik li, tès li a pap valab anko.
- **Rekonesans règ tès la** — tès “ELA Writing Field Test” la gen ladan l yon rekonesans ak règ tès la ki enprime sou fèy planifikasyon an ki di: “Mwen konprann règ tès ke yo fèk li pou mwen yo. Si mwen pa suiv règ yo se pou nòt mwen an pa valab ankò.” An anglè li di: “I understand the testing rules that were just read to me. If I do not follow these rules, my test scores may be invalidated.” Avan tès la administratè tès la li règ yo yo pou elèv yo e elèv yo rekonèt ke yo konprann règ tès la lè yo siyen anba deklarasyon ki sou fèy planifikasyon an.
- **Diskisyon kontni tès la apre tès la** — Dènye pòsyon règ tès la ke administratè a li pou elèv yo anvan yo siyen anba deklarasyon an di: “Paske kontni tout evalyasyon nan peyi a sekirize, ou pa otorize pou ou diskite oswa revele detay sou sijè ekri a oswa pasaj yo aprè tès la. Sa enkli nenpòt komunikasyon elektwonik tankou: tèks mesaj, imèl, oswa afiche sou entènèt (Twitter, Facebook, Snapchat oswa Instagram).” Tanpri asire w ke elèv ou a konprann ke “diskite” kontni tès la gen ladan l tout kalite komunikasyon elektwonik tankou voye tèks mesaj ak imèl oswa afiche sou media sosyal ak patate sou entènèt. **Pandan ke elèv yo pa otorize pataje enfòmasyon sou kontni tès la aprè yo fin pran l, politik sa pa gen entansyon pou li anpeche elèv yo pale de eksperyans yo ak paran/fanmi yo.**

Si ou gen nenpòt kesyon ki gen rapò a administrasyon tès sa, ou kapab kontakte Mr. Burgess sou +1 754-322-0539. Si ou menm oswa elèv ou a ta renmen aprann plis sou evalyasyon “FSA Writing” nan genyen ribrik ekri ak lòt enfòmasyon jeneral ki disponib sou pòtal FSA a sou [www.FSAssessments.org](http://www.FSAssessments.org).

Mèsi dèské ou sipòte elèv ou a ak ankouraje l fe pi byen li kapab pandan tès sa a. Nou kontan paske lekòl nou an fe pati de lekòl ke yo chwazi pou patisipe nan tès sa e paske elèv nou yo ap ede nou ede peyi nou devlope lòt evalyasyon valab.

Sensèman,

Vivian Suarez, Principal  
Coral Springs High